

Konnen Dwa ou sou Zafè Travay Vil New York!

Kèlkeswa estati imigrasyon w, ou gen dwa:

- Pou yo peye w tout èdtan w travay yo nan montan nou te antann nou sou li a.
- Pou yo peye w omwen salè minimòm Vil New York la epi pou yo peye w lè siplemantè w travay yo.
- Pou w travay nan yon anviwònman ki san danje epi ki pa gen diskriminasyon, asèlman seksyèl, abi, epi menas pou ou menm oswa pou fanmi ou.
- Pou w resevwa enfòmasyon ak fòmasyon pou kenbe w an sekirite nan kad travay ou.
- Pou w resevwa trètman medikal pou aksidan ki rive nan milye travay ou.
- Pou w mande èd nan men biwo gouvènman yo, gwoup k ap defann dwa imigran ak dwa travay yo, ak nan men sendika yo san w pa bezwen pè reprezay.
- Pou w resevwa plis pwoteksyon jiridik lè w ap travay nan laj ki ant 14 ak 17 lane.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa travayè yo, ale sou sit entènèt **Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York la (NYC Department of Consumer and Worker Protection, DCWP)** nan www.nyc.gov/dca epi klike sou "Workers" (Travayè). Osinon ou kapab eskane kòd QR ki pi ba a pou w ka li **Deklarasyon Dwa Travayè Vil New York Yo (NYC Workers' Bill of Rights)** an Kreyòl Ayisyen.



Siy Potansyèl Eksplowatasyon ak Trafik Travay

Nan Vil New York, anplwayè ou a pa t a dwe –

- Di w ou bezwen peye yon dèt oswa fòse w peye yon dèt.
- Redui nan salè ou oswa refize peye ou.
- Gen kontwòl sou kat idantifikasyon ou, paspò, ak dokiman vwayaj ou.
- Fè yon pwomès li pa kenbe tankou aplike pou yon Green Card (Kat Rezidans) pou ou menm oswa pou fanmi ou.
- Menase w pou l rele Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement's, ICE) oswa lapolis pou ou si w pa travay.
- Menase pou fè ou menm oswa fanmi w mal.
- Fè ou menm oswa yon manm fanmi w mal.
- Fòse w fè zak seksyèl.
- Fòse w fè yon travay ou pa t dakò fè.
- Limite mouvman w oswa kapasite w pou w kite lokal travay la, sitou lè w fin travay pou jounen an.
- Kontwòle mouvman w oswa kenbe w izole oswa fèmen yon kote.

Si anplwayè ou a fè nenpòt nan sa ki mansyone pi wo a, li ka ap eksploate ou oswa ap trafike travay ou. Vil New York la pou ede w. Pou enfòmasyon sou sèvis ak èd ki disponib pou ou yo, ou ka rele **1-800-621-4673** oswa vizite www.nyc.gov/NYCHOPE.